



Haitian Creole Edition
Grade 3 Mathematics Test, Book 2
March 5–9, 2007

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **3**

5–9 mas 2007

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2007 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

26

Cory sèvi ak fòm pou ekri fraz nimerik ki anba a.

$$\square_{5} + \triangle_{4} = \triangle_{4} + \square_{\quad}$$

Pati A

Ekri yon nonb nan fòm vid anwo a pou fè fraz nimerik Cory a vin kòrèk.

Pati B

Cory ekri yon lòt fraz nimerik anba a. Ekri yon nonb nan chak nan fòm vid anba a pou fè fraz nimerik sa a vin kòrèk.

$$\circ + \text{pentagon}_{8} = \text{pentagon}_{8} + \circ$$

Kontinye

27

Modèl nimerik ki anba a genyen de nonb ki manke.

50, 46, 42, 38, _____, 30, 26, _____

Pati A



Ekri de pwochen nonb sou dwat vid ki nan modèl anwo a.

Pati B

Sou dwat ki anba yo, eksplike kouman ou konnen ki nonb ki manke nan modèl la.

Kontinye

Gen 2 chat ak 2 chen ki endike anba a.



Pati A

Ki fraksyon ansanm bèt anwo a ki gen koulè gri?

Repons _____

Ki fraksyon ansanm **chen** anwo a ki blan?

Repons _____

Pati B


Trase yon wonn toutotou $\frac{1}{3}$ ansanm lapen ki endike anba a.



Kontinye

29

Calvin trase de ranje fòm ki endike anba a.



Pati A

Trase yon sèk toutotou lozanj ki **toupre** yon egzagòn nan ranje fòm ki anwo a.

Pati B

Trase yon liy simetri sou rektang ki anwo a.

Kontinye

30

Mike ak Leslie gen menm jou fèt. Laj Mike ak Leslie pandan y ap grandi prezante nan tablo ki anba a.

**LAJ
(an ane)**

Mike	Leslie
13	7
17	11
19	13
24	?

Pati A

Selon modèl ki nan tablo a, ki laj Leslie ap genyen lè Mike gen 24 tran?

Repons _____ ane

Pati B

Sou liy ki anba yo, dekri règ ou ka itilize pou jwenn laj Leslie si w konnen laj Mike.

Kontinye

31

Elèv Madmwazèl Swanson ranmase ensèk pou yon pwojè syans. Tablo ki anba a montre kalite ak kantite ensèk yo ranmase nan lendi.

ENSÈK YO RANMASE NAN LENDI

Kalite	Kantite Ensèk
Foumi	18
Vonvon	6
Papiyon	4
Koksinèl	12

Pati A

Ki kantite total ensèk elèv Madmwazèl Swanson ranmase nan lendi?

Repons _____ ensèk


Kontinye

Pati B

Konplete graf ba anba a pou montre kantite chak kalite ensèk elèv Madmwazèl Swanson ranmase nan lendi.

Asire ou

- make lejann sou aks vid la
- sèvi ak tout enfòmasyon yo nan graf la



RETE LA

Place Student Label Here



Ane 3
Egzamen Matematik
Liv 2
5–9 mas 2007

Grade 3
Mathematics Test
Book 2
March 5–9, 2007